# ҒӘРЕЗСИЗЛИКТЕН КЕЙИНГИ ДӘЎИРДЕ БАСПАСӨЗДЕ ЖОҚАРҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ҲАҚҚЫНДА

**А.Прекеева** – *ф.и.к, доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** ғәрезсизлик, миллий өзликти аңлаў, кино, баспасөз бетлери, жоқарғы қарақалпақлар, Ферғана ойпаты, Ташкент, Сурхандәрья, Наўайы, Аўғанстан қарақалпақлары, тарийх,тил, әдебият.

**Ключевые слова:** независимость, национальное самосознание, кино, печатные словари, верхние каракалпаки, Ферганская долина, каракалпаки Ташкента, Сурхандарьи, Навои, Афганистана, история, язык, литература.

**Key words:** independence, national self-awareness, cinema, printed dictionaries, Upper Karakalpaks, Fergana Valley, Karakalpaks of Tashkent, Surkhandarya, Navoi, Afghanistan, history, language, literature.

Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң, халқымыздың тилин, әдебиятын, мәдениятын, тарийхын шын мәнисинде үйрениўге кең имканиятлар ашылды. Әсиресе, жоқарғы қарақалпақлардың тилин, әдебиятын, тарийхын үйрениўге қызығыўшылық күшейди, халықтың өзлигин таныў бойынша бир қанша жумыслар алып барылды.

Тарийхый мағлыўматларға сүйенсек, 1926-жылғы халықтың есабын алыў ўақтында Ферғана округинде 1305, Зарафшан округинде 170, Самарқанд округинде 290, Ташкент округинде 137, Әндижан 14043, Кенимех районында 5938, Туркменстанда 1537 қарақалпақ деп көрсетилген. [1]

Халқымыз басына түскен ҳәр қыйлы жаўгершиликлер, ашаршылықлар салдарынан өзлерине қолайлы орынларға көшиўге мәжбүр болған. Усындай жағдайлар себебинен жоқарыда көрсетилген орынларда, ҳақыйқаттан да, ҳәзирги дәўирде қарақалпақлар жасап келмекте. Жоқарғы қарақалпақлар ҳаққында ғәрезсизликтен кейин ғалаба хабар қуралларында публицистикалық ҳәм илимий бағдарда очерклер, мақалалар китаплар ҳәм телекөрсетиўлер жарық көрип, ҳүжжетли фильмлер алына баслады.

Булардан Ш.Пайзуллаеваның «Аз емесдур қарақалпақ көп», Т.Нажимовтың «Өмир өткеллери», А.Султановтың «Жоқарғы журтлардағы қарақалпақлар» китаплары, Аўғанстанлы қарақалпақлар ҳаққында жергиликли илимпазлардан биринши мағлыўмат берген тарийхшы О.Доспановтың мақалалары, Т.Қанаатовтың «Таўелибай тарийхынан там-тум сыр» атамасындағы илимий изертлеўи Қарақалпақстан телевидениесиндеги «Алыстағы ағайин» телекөрсетиўлерин, қарақалпақ кинофильми тәрепинен сүўретке алынған «Бухаралы қарақалпақлар» ҳәм «Ферғаналы қарақалпақлар» атамасындағы ҳүжжетли фильмлерди атап айтсақ болады.

Ш.Пайзуллаеваның «Аз емесдур қарақалпақ көп» мийнетинде: «Ташкент ўәлаятының Жоқары Шыршық районының Қаратухым, Бескепе Балта аўылларында қарақалпақлардың қытай, қыпшақ, кенегес, маңғыт, мүйтен, қоңырат сыяқлы бирқанша руў тийрелери бар». [2] Сондай-ақ, булардан тысқары Шыназ, Янги йўл, Қибрай, Бөке районындағы қарақалпақлар ҳаққында дереклер береди. Жазыўшы Самарқанд, Наўайы, Ферғана, Әндижан, Наманган қарақалпақлары арасында болып, олардың тарийхынан, әдебиятынан бай мағлыўматлар келтирип өткен, кенимехли жыраў Қурбан Наўрызовтан Ерназар Ахмедхан дәстанын жазып алып, 1993-жылы Әмиўдәрья журналында жәриялайды.

Илимде аўғанстанлы қарақалпақлар ҳаққында швед илимпазы, лингвист Г.Ярринг, австрия илимпаз С.Вурм ҳәм басқа да изертлеўшилердиң мийнетлеринде жазып қалдырылған. Тарийхшы илимпаз О.Доспанов аўғанстанлы қарақалпақлар арасында болып, сәўбетлесип олардың тарийхы, саз әсбаплары туўралы бай мағлыўматлар алған. «Олар 1914-1918 жыллары Сурхандәрья бойларынан аўыл-аўыл болып көшип келген қарақалпақлар екен. Буннан кейинги келгенлер Сыр бойынан барғанларды қурайды. Усы жерде бирқанша жыйнақлы қарақалпақлар мәканы Қоңырат аўылы. Олар тийкарынан қостамғалы, қәндекли, балғалы, қанжығалы, тийекли, қазаяқлы ҳәм теристамғалылар. Ҳәзир бул аўылда 120 хожалық қалған. Саны жағынан ең көби қәндеклилер. Олардың әдеўир бөлеги Пакистан тәрепке, қазаяқлылар Ҳайдарабадқа көшип кеткен. Бизиң аңлағанымыз, Миянкөлде жасайтуғын аз санлы қарамурт руўы Аўғанстанда да кең тарқалған. Қатаған руўы ол жақта көпшиликти қурайды. Маңғытлардың көпшилиги Бухара әмирлигинен өткен болса, кенегеслер менен мүйтенлердиң биразы өзлерин Түслик Туркистанның түпкиликли турғынлары санайды». [3]

Самарқандтағы қарақалпақлар ҳаққында проф. К.Мәмбетовтың мийнетлеринде қарақалпақлардың кенегес руўынан шыққан Ибрайым бийдиң Самарқандты қолға алғанын, бийлик дәрежесинде ел басқарғаны айтылған. [4]. Мен жоқарғы қарақалпақлар менен сәўбетлесиўлеримде кенегес руўын ҳәмме орынларда ушыратқанман.

«Мен руўымның тарийхы бойынша өзим де қызығаман ҳәм мағлыўматлар

жыйнағанман. Ферғана ойпатының Даңғара туманында (Кунган) қасында қарақалпақ деген жер бар, Бувайда туманында, Үшкөприк туманында кәттә Кенегес, киши Кенегес деген қышлақлары бар. Наманган ўәлаятының өзинде де төрт-бес Кенегес деген қышлақларымыз бар. Кенегес руўы тек Ферғана ойпатында емес, ал Бухара, Самарқанд, Шәҳрисәбизде де жүдә көп қарақалпақ руўлары тарқалған» (Мағлыўмат бериўши Наманган ўәлаяты Поп районы 24-мектептиң тарийх пәни оқытыўшысы Рустамов Исмайылжан, АнДУ питкерген. [5]

Жазыўшы Т.Нәжимовтың «Өмир өткеллери» китабында: «Волгаградтағы Қарақалпақ көшеси, Ставропол үлкесиндеги қаңлы руўы ҳәм Ферғана ойпатында қарақалпақлар жасайтуғын Задәрья районы 1960-жылға шекем «Қарақалпақ даласы» деп аталып, он алты қарақалпак колхозы ҳәм Гүлбағ совхозы жайласқан еди». [6]

Жазыўшы ҳәм шайыр А.Султанов «Жоқарғы журтлардағы қарақалпақлар» деген мийнетинде Ферғана қарақалпақлары арасында болған, олар менен сәўбетлескени ҳаққында жазып қалдырған. [7]

Илимпаз Т.Қанаатов «Таўелибай тарийхынан там-тум сыр» деп аталған илимий изертлеўинде Таўелибай халқының аўызеки әдебиятынан қызықлы, бай ҳәм тың мағлыўматлар айтып өткен. [8]

Жоқарғы қарақалпақлардың бир бөлеги Наўайы ўәлаяты Кенимех районында жасайды. Олардың тили илимий жақтан үйренилди ҳәм илимде қарақалпақ тилиниң Кенимех сөйлесими деп дәлилленди [9].

Наўайы ўәлаятының қарақалпақлары ғәрез-сизлик дәўиринде ана тилинде билим алыўға еристи, сондай-ақ Наўайы пединститутынан «Қарақалпақ филологиясы», «Баслаўыш тәлим» факультетлерин ашып, ҳәзирги күнде Кенимех жаслары өз ана тилинде билим алмақта.

Ҳәзирги күнде жоқарғы қарақалпақлар менен байланыс жолға қойылып, мәдений тараўы хызметкерлери, шайыр-жазыўшылар барып ушырасыўлар, сәўбетлесиўлер өткерип турады, олар өзлериниң тарийхы ҳаққында мағлыўматлар алғанын толып тасып айтып береди.

Жуўмақластырып айтқанда, тарийхты еслеўсиз келешек жоқ-дегениндей, халқымыздың бир-биринен ажыралғанына үш әсирден асламырақ ўақыт болды. Мине, соннан XX әсирдиң екинши ярымынан баслап жоқарғы қарақалпақлар деген атама илимде пайда бола баслады. Ғәрезсизликтен кейин жоқарғы қарақалпақлар менен катнасықлар жолға қойылып атыр, бирақ бул байланысларды еле де күшейтиңкиреў керек деп есаплаймыз. Сол арқалы олардың тилин, аўызеки әдебиятын, тарийхын, этнографиясын үйренип, бүгинги қарақалпақ илимине қосыў шешимин күтип турған ўазыйпалардың бири.

**Әдебиятлар**


1. Толстова Л.С. Каракалпаки Ферганской долины. Каракалпакское государственное издательство. - Нукус,1959, 4-5-бетлер.
2. Ш.Пайзуллаеваның «Аз емесдур қарақалпақ көп» Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы 1995, Б.99.
3. Доспанов О. Аўғаныстан қарақалпақларының аўызеки мийраслары. Национальный фольклор народов ценральной Азии и проблемы духовного обновления общества,(Материалы Международной научно-практический конференции.) Нукус-2008.
4. О.Доспанов . Қарақалпақ миллий саз әспаплары: кеше ҳәм бүгин Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигине бағышланған Халықаралық илимий әмелий конференция материаллары (6-май, Нөкис-2011)
5. Мәмбетов К.Қарақалпақлар тарийхы (Илимий изертлеўлер) Нөкис-1993, 97 бет,
6. Дала жазыўлары
7. Нәжимов Т. «Өмир өткеллери» Нөкис. Қарақалпақстан – 2009 ж. Б.56-58 -233.
8. Султанов А «Жоқары журтлардағы қарақалпақлар» (Жол жазыўлары) Нөкис. Avangard баспа. 2022. Бети 94.
9. Т.Қанаатов, Таўелибай тарийхынан там-тум сыр. Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы 1993, 100 б.
10. Прекеева А. Конимех қоракалпоқлари шеваси: Филол. фан. ном. дис. ... автореф. Нукус, 2012. – 19 б.



**РЕЗЮМЕ.** Бул мақала ғәрезсизликтен кейинги дәўирде ғалаба хабар қуралларында жәрияланған жоқарғы қарақалпақлар ҳаққында мағлыўматларға тоқтап өтеди.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассматриваются сведения о каракалпаках-верхурожцах, опубликованные в средствах массовой информации в период после обретения независимости.

**SUMMARY.** This article focuses on information about the upper Karakalpaks published in the media after independence.